

Families First



RANPLASMAN ALIMAN YO VÒLÈ ELEKTWONIKMAN AK AVANTAJ ASISTANS FINANSYE

Fanmi ki ap patisipe nan Pwogram Asistans Alimantè Siplemanchè yo (Supplemental Nutrition Assistance Program, SNAP), nan pwogram Asistans tanporè pou Fanmi ki nan Bezwen yo (Temporary Assistance for Needy Families, TANF) epi nan pwogram asistans finansye Asistans Jeneral la (General Assistance, GA), ka mande pou yo ranbouse yo avantaj yo te vòlè elektwonikman depi 1ye oktòb 2023 yo.

Mèt kat yo gen yon delè 30 jou apre dat yo te dekouvri vòl la pou yo soumèt yon demann.




Asire w ou risèt PIN ou an oswa ranplase imedyatman kat Families First ou a pou pwoteje avantaj ou yo alavni.

Ou ka jwenn fòmilè *Demann Ranplasman an* sou www.NJSNAP.gov oswa lè w kontakte konsèy sèvis sosyal konte w la.

Yo ka vòlè avantaj yo elektwonikman nan fason sa yo:



Skiming se lè yo konekte ilegalman yon aparèy nan yon machin pou pase kat kote yon kliyan ap achte, epi aparèy la vòlè enfòmasyon ki nan kat (Electronic Benefits Transfer, EBT) a oswa PIN lan.



Klonaj se lè yo kopye enfòmasyon yo vòlè nan yon kat EBT pou yo mete yo sou yon nouvo kat.



Eskwokri oswa **Amsonaj** se lè yo konvenk yon moun pou l divilge enfòmasyon kat EBT li yo, souvan sa fèt nan yon apèl telefonik oswa nan yon mesaj yo pretann soti nan yon ajans gouvènmantal ofisyèl.

Enstitisyon sa a se yon founisè egalite chans.



Eta New Jersey
Phil Murphy, Gouvènè | Tahesha L. Way, Lyetnan Gouvènè



Depatman Sèvis Sosyal
Sarah Adelman, Komisè